

Divizyon Jistis Jivenil ak Opòtinite pou Jèn yo (Division of Juvenile Justice and Opportunities for Youth)

Kesyon moun poze pi souvan pou Fanmi yo

Dokiman sa a fèt pou reponn kesyon konsènan plasman nan pwogram jistis jivenil OCFS la. Li enpòtan pou fanmi yo konnen ak kisa pou yo atann, ki dwa jèn yo a genyen, epi kote pou yo jwenn èd. Dokiman sa a pral reponn kesyon komen yo pou pèmèt li pi fasil pou fanmi yo sipòte jèn yo a pandan tan sa. **Si ou gen kesyon adisyonèl, tanpri kontakte responsab dosye yo te chwazi pou jèn nan.**

1. Èske OCFS, DSS ak ACS se menm ajans yo?

Non, OCFS se Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York (New York State Office of Children and Family Services). OCFS se yon ajans Eta New York k ap jere nèf (9) etablisman rezidansyèl Jistis Jivenil epi ki gen pèsònèl k ap travay ak jèn yo epi fanmi yo nan kominote yo tou. Yo plase jèn yo nan OCFS atravè yon tribinal familyal oswa yon tribinal penal. Yon DSS (oswa LDSS pou local department of social services) (Depatman Lokal Sèvis Sosyal) fè referans ak yon depatman sèvis sosyal yon sikonskripsyon oswa yon vil. ACS se Sèvis Administrasyon pou Timoun (Administration for Children's Services) nan New York, depatman sèvis sosyal pou NYC a.

2. Pou kisa yo te wete pitit mwen an sou bidjè èd piblik mwen an?

Lè yo plase jèn yo legalman nan gad fizik nan Eta New York la, yo ka wete yo sou bidjè èd piblik yon fanmi. Lwa federal la di, se moun k ap bay yon jèn swen ki dwe itilize avantaj èd piblik yo. Nan pifò ka, moun k ap bay swen an se yon paran, responsab legal oswa ajans ki jere kesyon plasman nan fanmi dakèy. Lè jèn yo rezide nan etblisman OCFS yo, se Eta New York la k ap ba yo swen nan plas paran/responsab legal la, donk yo ka wete bidjè èd piblik la nan men fanmi yo.

3. Poukisa yo te voye avantaj sivivan epi/oswa avantaj andikape a tounen bay OCFS/LDSS/ACS?

Yo pa janm voye avantaj sivivan tounen bay OCFS/LDSS/ACS. Si yo di w se sa ki te pase, konnen se pa konsa. Pou tout kesyon ki gen pou wè ak avantaj sivivan yo, tanpri kontakte Administrasyon federal Sekirite Sosyal la.

4. Poukisa m dwe peye yon pèman parantal, oswa pansyon alimantè, si jij la plase timoun mwen an nan OCFS?

Sikonskripsyon yo responsab yon pati nan depans yo pou yon jèn ki rezide nan yon etablisman OCFS. Yon sikonskripsyon ka mande jij la pou l òdone fanmi an pou l ranbouse sikonskripsyon an yon pati nan depans sa yo.

5. Ki edikasyon timoun mwen an pral resevwa nan yon etablisman OCFS?

Etablisman OCFS yo ofri pwogram inivèsite ak lise pandan tout ane a. Etablisman yo ofri edikasyon espesyal tou ak terapi langaj epi terapi okipasyonèl, ansanm ak pwogram edikasyon pwofesyonèl epi teknik, nan patenarya ak BOCES lokal.

Etablisman an pral mande dosye eskolè ki nan distri eskolè timoun nan te ye a pou ka ede detèmine ki ansèyman ki apwopriye. Etablisman an pral devlope yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize (Individualized Education Program, IEP), ak patisipasyon paran yo pou chak timoun ki andikape. Jèn yo ka pase egzamen Estanda Eta New York yo epi jwenn yon diplòm etid jeneral oswa segondè pandan li nan yon etablisman. Etablisman yo ofri kou inivèsite vityèl atravè inivèsite kominotè lokal yo Jèn yo ka patisipe tou nan pwogram fòmasyon pwofesyonèl ak pwogram sètifika aplike pou jwenn anplwa nan etablisman yo.



6. Èske timoun mwen an pral resevwa swen sante fizik epi swen sante mantal?

Wi. Sante ak byennèt timoun ou an enpòtan epi se priyorite nou nan travay n ap fè avè l la. Non sèman nou satisfè bezwen li yo nan kesyon sante fizik (atravè vizit kay doktè, vaksinasyon, ak vizit kay dantis, pou egzanp), nou sipòte sante mantal timoun ou an tou.

Seyans konsèy nan kesyon sante mantal la fè pati pwogram etablisman an epi gen seiyans konsèy endividyèl ak seiyans konsèy an gwoup. Lè yon jèn vini nan yon etablisman pou premye fwa,



etablisman an pral fè yon evalyasyon klinik pou detèmine ki konsèy timoun an ka plis gen bezwen. Jèn yo kapab mande seiyans konsèy adisyonèl si yo santi yo bezwen plis èd oswa yo nan bezwen pou yo rezoud yon pwoblèm yo genyen nan moman an.

7. Poukisa se de (2) reponsab dosye ki genyen pou timounmwen an?

OCFS mete yon reponsab dosye pou chak jènki pou jere tan l nan yon etablisman ansanm ak yon reponsab dosye pou tranzisyon kominotè a. Toude reponsab dosye sa yo fè pati ekip sipò jèn nan. Ekip sipò yo la pou planifye, gide ak sipòte jèn yo pandan plasman an epi nan tranzisyon pou yo tounen nan kominote a.

8. Timoun mwen an gen 18 lane epi l pa vle m konnen anyen nan sa l ap regle; kouman OCFS ka ede m?

Nan laj 18 lane, yon jèn vin majè legalman epi yo gen otorizasyon pou yo pran pwòp desizyon yo konsènan ak kiyès yo decide pataje enfòmasyon epi nan ki nivo yo decide foute fanmi yo nan kesyon sa a. Natirèlman, sa ka difisil pou fanmi yo ki abitye resevwa enfòmasyon konsènan jèn yo a oswa ki vle toujou angaje yo ak jèn yo a. Ekip sipò jèn nan ka travay ak yon jèn ki majè epi ak fanmi l pou kenbe yon relasyon pozitif menmsi jèn nan pa vle pataje enfòmasyon.

9. Si jij la deklare, yo pral plase yon jèn nan OCFS pou 18 mwa, èske sa vle di y ap “fèmen” l pou 18 mwa?

Pa nesèsman. Jèn tribinal fanmi te plase yo ka jwenn liberasyon kondisyonèl nan yon etablisman, selon konpòtman jèn nan, selon konpetans li, selon treman li bezwen, ak angajman fanmi l. Plasman total la se kantite tan yon moun pase nan yon etablisman OCFS oswa nan yon ajans leta ki jere kesyon plasman nan fanmi dakèy EPI tan pou tounen lakay nan kominote a sou siveyans. Pa gen tan minimòm, yon jèn dwe pase nan youn nan faz yo, sof si jij la pa òdone yon peryòd espesifik pou plasman an nan etablisman an nan òdonans tribinal la. Jèn yo kondane pou al nan OCFS ka libere anvan finisman pèn nan, selon konpòtman l nan etablisman an.

10. Èske yon pwolongasyon plasman vle di, rete nan etablisman an?

Pa tout tan. Yo ka pwolonje yon plasman pou bay yon siveyans sipleman tè apre swen nan kominote a oswa nan yon ajans ki jere kesyon plasman nan fanmi dakèy selon sityasyon jèn nan. Yo ka pwolonje plasman yon jèn paske li pa ko prepare pou l kite yon etablisman OCFS epi l bezwen tan pou l pran konesans adisyonèl ak sipò.

11. Èske siveyans elektwonik la se menm jan ak “rezidans siveye”?

Non, siveyans elektwonik (electronic monitoring, EM) pa rezidans siveye. EM se lè yon jèn dwe mete yon aparèy sou li ki ka lokalize l nan kominote a. Jèn ki sou EM yo gen otorizasyon pou yo ale nan yon sèten kote — pa egzanp, lakay, nan travay, nan lekòl, nan kèk kote ki gen aktivite kominotè yo gen otorizasyon pou yo ale. Yon jèn gen responsablite pou l mete EM nan, pou l toujou mete inite a nan chaj epi pou l toujou swiv règ li te dakò pou l swiv ak reponsab dosye Biwo Kominotè Milti Sèvis li a (Community Multi-Services Office, CMSO).

12. Depi plasman timoun mwen an fini nan OCFS, èske m dwe tounen lakay ak timoun mwen an?

Si retounen lakay ou avè l la pa pi bon opsyon an, OCFS pral ede w jwenn lòt opsyon kote jèn nan ka fè yon tranzisyon ak sisksè. Sepandan, OCFS prefere libere jèn ki gen mwens pase

18 lane yo pou yo tounen lakay yo epi/oswa al jwenn yon manm fanmi yo si sa se opsyon ki pi rezonab la epi ki pi estab pou jèn yo. Menmsi jèn nan gen plis pase 18 lane, paran yo, ak responsab legal yo toujou responsab pou patisipe nan planifye yon tranzisyon pou jèn nan pou l soti nan swen OCFS la pou l tounen nan kominote a.

13. Èske yo ka libere timoun mwen an nan yon lòt Eta?



Wi. Pak Entè-Eta pou Jèn yo (Interstate Compact for Juveniles, ICJ) – yon akò jiridik ant tout 50 Eta yo, Distri Columbia ak Zile Vyèj Eazini an – gen

règ ki pèmèt jèn ki sou siveyans tribinal yo al rete nan yon lòt Eta.

14. Kisa siveyans la ye? Èske se pa liberasyon kondisyonèl li ye?

Siveyans la gen ladan l sèvis sipò OCFS yo epi siveyans kominotè pou jèn ki tounen nan kominote a apre yon plasman nan yon etablisman OCFS. Sèvis siveyans yo kouvri jèn yo te plase nan yon OCFS men yo te voye nan yon fwaye gwoup oswa nan yon ajans ki jere kesyon plasman nan fanmi dakèy tou. Liberasyon kondisyonèl la, okontrè, vle di sipò epi siveyans kominotè fòs lòd lokal yo reyalize, anvan yo plase yon jèn nan OCFS. Liberasyon kondisyonèl fòs lòd lokal yo pa gen koneksyon ak siveyans OCFS la.

15. Timoun mwen an te resevwa yon sispannyon nan men direktè a anvan yo plase l nan OCFS.



Kounye a, distri eskolè a p ap kite l retounen, menmsi li kite distri a pandan 12 mwa. Èske OCFS ka ede?

OCFS pa gen kapasite pou l aji sou sispannyon yon distri eskolè. Sepandan, OCFS ka bay konsèy konsènan kisa pou yon moun fè si yon jèn gen yon odyans ki nan wout oswa yon odyans ki annatant pandan jèn nan nan gad nan OCFS.

16. Si yo voye timoun mwen an nan Depatman Koreksyon ak Siveyans Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) nan Eta New York, nan konbyen tan y ap fè m konn sa?

Si jèn nan gen 21 lane, OCFS ap fè fanmi an konn sa nan jou yo transfere jèn nan. Fanmi yo dwe okouran akòz pwoblèm sekirite, si yo transfere yon jèn nan DOCCS anvan li gen 21 lane, OCFS pa ka enfòmè fanmi yo ak moun ki pwòch yo anvan yo transfere yon jèn nan DOCCS. Depi yon jèn rive nan sant dakèy yon etablisman DOCCS, DOCCS pral kontakte fanmi jèn sa a ak moun ki pwòch li yo. Avi sou Transfè nan DOCCS la epi dwa pou fè rekou a dekri etap pou w swiv yo si w vle mande OCFS pou l re egzamine transfè a.

17. Èske OCFS ka bay enfòmasyon konsènan DOCCS?

Wi, nou ka ede w nan kèk domèn, men pifò enfòmasyon OCFS ka bay yo deja sou sit entènèt DOCCS la nan <https://doccs.ny.gov/visitors>.